

Deklarasyon Enpak Jistis pou Prezantasyon Komite Lekòl Sou Rapò Anyèl Plan Estrategik Ane Lekòl 20-21

Tit: Rapò Anyèl sou Egzekisyon Plan Estrategik

Dat: 27 oktòb 2021

Èske yo te itilize [Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal](#) la (REPT)? Wi Non

Si wi, mete dat (yo) reyinyon REPT yo ak lyen REPT ki fini yo la a: _2/7/20_ [Plan estratejik REPT](#)

Èske yon manm nan Depatman jistis, estrateji ak diferans nan opòtinite te verifiye deklarasyon sa? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Jistis Rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon/travay la vle jwenn, ki gen ladan l tou elimine gwo diferans ki genyen yo? Kiyès ki te dirije travay/planifikasyon sa a, epi èske yo refleto idantite Elèv ak fanmi BPS yo (gwoup kle yo gen ladan moun nwa , latino, asyatik, endijèn, imigran, sak pale plizyè lang, ak sa ki gen bezwen edikasyon espesyal yo)?</i></p>	<p>Yo te adopte epi apwouve plan estratejik BPS la nan dat 29 Avril 2020. Ane lekòl 2020 -2021 se te premye ane aplikasyon li. Prezantasyon sa a pral bay yon mizajou sou aplikasyon an epi presize pwogrè nou te rive fè anrapò ak sis angajman ki nan plan estratejik la.</p> <p>Plan estratejik la gen objektif pou asire ke "chak timoun nan chak klas nan chak lekòl jwenn sa yo bezwen." Se enspektè a, Ekip egzekitif yo ak chèf depatman yo k ap fè aplike l. Lidè sa yo, nou ka di ki se reprezantan fanmi yo ak Elèv BPS yo ye, e sa gen ladan l moun ki gen eksperyans ak moun k ap aprann anglè ak edikasyon espesyal. Prezantasyon an ap gen yon revizyon tou kout de pwosesis planifikasyon an rive jounen jodi a ak esplikasyon sou pwochen etap yo.</p>
<p>2. Adaptasyon ak plan estratejik la <i>Ki jan pwopozisyon an /travay la adapte l ak plan estratejik distri a ?</i></p>	<p>Prezantasyon an se rapò anyèl sou aplikasyon plan estrateji a. Plan an mache avèk règleman sou Opòtinite ak Diferans reyisit yo</p>
<p>3. Analiz enfòmasyon yo <i>Ki enfòmasyon nou te analize ? Èske li te separe sou baz ras ak lòt faktè kle? Ki sa li te montre sou kesyon inegalite yo?</i></p>	<p>Enfòmasyon yo te revize yo te gen ladan rezilta evalyasyon Leta ak responsablite yo (ki separe), ak done kalitatif ki soti nan angajman konsène yo (ki pa separe). Rezilta Leta a montre gwo diferans ki baze sou ras , bezwen espesyal ak estati moun k ap aprann anglè.</p>
<p>4. Angajman konsène yo <i>Kiyès ki pran angajman an (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo), kòman, e ki sa sa te bay? Ki sa etidyan yo/fanmi yo ki plis santi enpak pwopozisyon sa a/ efò sa a di?</i></p>	<p>Angajman k ap kontinye: Anvan nou pibliye rapò a nan mwa janvyè. N ap konvoke kèk gwoup entèvenan kominotè entèn ak ekstèn pou n ka pale sou pwogrè plan estratejik la yon fason pou n ka gen enfòmasyon sou fason aplikasyon plan an kontinye fèt.</p> <p>Premye Angajman: Plis ke 102 reyinyon ak pati konsène yo ak lòt reyinyon paran, nan tout vil la, nan katye, ak reyinyon ki pran an konsiderasyon kilti ak lang kominote yo; Fowòm kominotè jèn yo ap dirije, rankont komite lekòl; epi vizit enspektè a nan tout lekòl lekòl BPS yo. An</p>

	<p><u>total</u>, nou te tande plis pase 2000 moun, menm si yo pat toujou rasanble enfòmasyon demografik yo yon fason ki egzak. Tèm ki pi enpòtan nou te jwenn yo se te: Batiman lekòl modèn ki gen jimnazyòm, bibliyotèk, kafeterya, sant pou fè penti ak atizana, bon jan chofaj, vantilasyon ak klimatizasyon.</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon finansman ki jis e ekitab nan lekòl yo • Pakou ki klè e previzib soti nan preskolè rive nan diplòm • Yon transpò ki fyab , ki aksesib, epi ki fèt a lè ak operasyon ki efikas • Yon staf ki sousye e ki gen konpetans kireflete elèv nou yo • Yon kourikoulòm serye, ki baze sou kilti ak lang ki ann akò ak yon pwogram ki santre sou elèv yo • Pi bon pwogram ak plis opòtinite pou moun k ap aprann anglè yo aprann nan 2 oubyen plizyè lang • Pogram ranfòse ak plis opòtinite pou etidyan ki gen bezwen espesyal nan aprantisaj • Developman konpetans sosyal ak emosyonèl, fòmasyon sou chòk mantal, sipò nan sante mantal • Yon pwogram konplè ki gen nan li dessen, edikasyon fizik, espò, ak bay leson pandan oubyen aprè lekòl • Pou tout elèv gen aksè teknoloji 21^{yèm} syèk yo
<p>5. Estrateji sou Jistis Rasyal <i>Kòman, pwopozisyon sa a/efò sa a diminye inegalite epi ogmante jistis rasyal ak ekite? Ki kèk konsekans enprevi ki ka rive? Ki estrateji anplis ki ka pote avansman nan kesyon ekite a?</i></p>	<p>Plan estraterjik la ak angajman yo chita sou jistis, kòmanse ak angajman #1: Eliminee diferans nan opòtinite ak reyisit akademik pou elèv yo ka bay rbonjan rezilta. Prensip fondamantal sa a vle di, chak etidyan - kèlkeswa ras , gwoup etnik, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, kondisyon imigrasyon, kondisyon ekonomik ak sosyal, oubyen kòd postal, ap resevwa bon kalite edikasyon ak opòtinite yo bezwen e yo merite pou akonpli potansyèl yo. Reyalize vizyon sa a mande pou nou lite kont diferans vizib ki genyen yo anrapò ak règleman sou opòtinite ak diferans nan reyisit yo, ki sitou baze sou ras, e pou etidyan nou yo k ap aprann anglè e/oubyen ki gen bezwen espesyal. Gen mizajou ki fèt nan plan an pou ka mete yon seri priyorite ki parèt nan moman kote distri a ap bay yon repons anrapò ak pandemi COVID-19 la ki baze sou jistis.</p>
<p>6 Bidjè ak Egzekisyon <i>Ki enpak bidjè a? Kòman aplikasyon li pral reyalize tout objektif yo, patikilyèman objektif ki gen rapò ak jistis yo? ki idantite gwoup ki nan ekip aplikasyon an, epi èske yap pote yon vizyon ki baze sou ekite?</i></p>	<p>Bidjè Ane Lekòl 20-22 a te mache avèk plan estraterjik la. Se enspektè a, Ekip egzekitif, ak depatman Ekite ak Estrateji a ki te fè aplikasyon an. Majorite moun ki nan gwoup sa a se Nwa, Latino, Azyatik e yo tout ap responsab pou aplike desizyon serye pou tout elèv jwenn menm opòtinite nan aplikasyon yo k ap santre sou vizyon jistis rasyal la.</p>
<p>7. Accountability & Communication <i>Ki jan y ap evalye, dokimante epi pale sou enpak yo ak pati konsène yo? Kiyès ki pral responsab ?</i></p>	<p>N ap toujou ekri e rapòte aplikasyon ak enpak plan estraterjik la piblikman. N ap evalye rezilta nou jwenn yo sou baz sou baz mezi ki byen klè ki gen nan plan an. Enspektè a, Ekip egzekitif la, Depatman Ekite ak Estrateji, ak Komite lekòl yo ap responsab pou evalyasyon ak kominikasyon sa a k ap kontinye. Prezantasyon chak trimès nou fè bay komite lekòl la ak rapò anyèl la ap sèvi kòm evalye enpak ak sistèm kominikasyon pou pati konsène yo.</p>